



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 25 jen 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE PORT AUTHORITY POU APWOUVE KONTRA AMANDE WIFI NAN AYEWOPÓ YO

Nouvo kontra ta bay 30 minit Wifi gratis a vwayajè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te rele Konsèy Komisyonè Port Authority pou apwouve yon akò ki te amande avèk Boingo Wireless pou bay vwayajè yo nan ayewopò JFK, LaGuardia, ak Stewart avèk aksè 30 minit sèvis Wi-Fi gratis nan pwochen reyinyon konsèy la nan mèkredi, 25 jen.

Nan diskou l sou sitiyaasyon eta nan kòmansman ane sa a Gouvènè a te kritike kondisyon aktyèl ayewopò New York yo epi detaye plan li pou transfòme ayewopò yo nan eta an etablisman klas mondyal an egalite avèk lòt gwo ayewopò yo alafwa nasyonal ak entènasyonal. Avèk kontwòl jesyon konstriksyon nan JFK ak LaGuardia epi re-etabli ayewopò JFK tankou yon gwo rezo kago mondyal, Gouvènè a te ankouraje Port Authority pou amelyore konsiderableman eksperyans sèvis kliyantèl la pou 109 milyon kliyan ayewopò yo chak ane.

“Kòm nap prepare pou transfòme JFK ak LaGuardia nan ayewopò ki renove entènasyonalman ke Nouyòkè yo merite, aksè gratis a Wi-Fi se yon domèn kote nou ka fè pwogrè rapid,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Port Authority gen opòtinite pou fè sa tounen yon reyalite nan apwouve yon kontra amande ki pral bay jiska 30 minit Wi-Fi gratis a kliyan yo nan tout tèminal ayewopò yo. Yo ta dwe apwouve antant sa a. Ayewopò New York yo te anreta dèyè konpetitè yo pandan twò lontan – e administrasyon mwen an senpleman pa pral pèmèt gwo rezo tranzit nou an pou li mwens pase premye klas.”

Nouvo aranjman ki pwopoze a reponn a amelyorasyon prensipal nan sèvis kliyan ke pasaje avyasyon yo mande pou bay aksè a Wi-Fi limite nan tèminal yo. Daprè akò modifiye a, Boingo ta amelyore teknoloji san fil ki egziste deja nan ayewopò Port Authority yo pou amelyore sèvis la, avèk aparasyon sèvis Wi-Fi gratis apre achèvmman amelyorasyon yo nan otòn sa a. Apre sesyon 30 minit gratis la, itilizatè yo ka achte aksè anplis nan yon pri ki baze sou vitès Wi-Fi.

Filyal Boingo, New York Telecom Partners LLC, pral enstale, opere ak kenbe rezo Wi-Fi elaji a ki pral pèmèt 30 minit sèvis gratis. New York Telecom pral investi yon estimasyon \$3.8 milyon dola nan

materyèl siplemantè ak lojisyèl pou sipòte mizajou a, avèk konpayi an kap amòti investisman sa sou yon peryòd senkan anvan kòmansman yon aranjman pri pataje avèk Port Authority. Amelyorasyon yo pral vle di entènèt a pi wo vitès ak pi bon siyal koneksyon pou itilizatè yo nan tout tèminal ayewopò Port Authority yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE